ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫЫГЕ ПСАЛЪЭ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№85 (23.493) ● 2017 гъэм накъыгъэм (майм) и 12, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэр Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь, Хэку зауэшхуэм и ветеран Евтушенкэ Николай къыщалъхуа махуэмкІэ ехъуэхъуащ

«Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь, Хэку зауэшхуэм и ветеран Евтушенкэ Николай Никитэ и къуэр нобэ илъэс 96-рэ ирокъу.



АБЫ и зауэ гъуэгуанэмрэ лэжьыгъэ ІэнатІэм щикІуа гъуэгурэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я къыкІэлъыкІуэ щІэблэхэм я дежкІэ щапхъэу сыт щыгъуи щыгъунущ.

Ленинград къэзыухъуреихьа бийр зэтезыкъутахэм ящыщ, Висло-Ордер, Берлин зауэ гуащІэхэм хэта Николай Никитэ и къуэр фронтым къикІыжа нэужь КъБАССР-м и Май районым щыІэ, ГуащІэдэкІ Бэракъ Плъыжь орденыр зрата «Красная нива» колхозым и унафэщІу лэжьащ. 1977 - 1987 гъэхэм нартыху гъэкІыныжмкІэ Налшык къалэм дэта урысейпсо щІэныгъэкъэхутакІуэ институтым и унафэщІу щытащ. Ар зи Іэщ1агъэм хуэІэзэ, жэуаплныгъэ нэс зыхэль, щыхухэм гупЫутэшхуэ яхуэзыщІ нэхъыжьщ.

Узынщагъэ быдэ, мамырыгъэ, фІыгъуэ, ефІэкІуэныгъэ уиІэну сынохъуэхъу», - къыщыгъэльэгъуащ щІыналъэм и унафэщІым и тхыгъэм.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэр хуэзащ Япэ каналым и «Макъ. Сабийхэр» проектым ехъулІэныгъэшхуэ къыщызыхьа Хекилаевэ Денизэ

КІуэкІуэ Юрий КЪБР-м и Правительствэм и Унэм щыхуэзащ «Макъ. Сабийхэр» уэрэджыІакІуэхэм я зэпеуэу иджыблагъэ екІуэкІам и финалым нэса Хекилаевэ Денизэ. Республикэм и Іэтащхьэм и деж а махуэм щыхьэщІащ Денизэ и анэмрэ и шыпхъу нэхъыщІэ Лалинэрэ.

НАЛШЫК щыщ школакІуэ цыкІур къэралым щыпсэу цыху мелуанхэм хуабжьу ягу ирихьащ. ЗэгурыІуэныгъэ утым щагъэува экранышхуэмкІэ зэпеуэр зэрекІуэкІым кІэлъыплъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу цыхуищэхэр.

КІуэкІуэ Ю. А. хъыджэбз цыкІум и адэ-анэм фІыщІэ яхуищІащ абы бгъэдэлъ зэфІэкІым и зэманым гу зэрылъытатам пащІэ. «Апхуэдэ ехъулІэныгъэм лэжьыгъэшхуэ пыщІащ, - къыхигъэщхьэхукІащ КЪБР-м и Іэтащхьэм икІи Денизэ зыхуигъаззэри къыпищащ, - уэ икъукІэ дзгъуэу зыкъзбгъэльэгъуащ. Финалым нэса дэтхэнэ зыри текІуауэ къэпльытэ хъунущ». КІуэкІуэ Юрий къыхигъэщхьэхукІащ уэрэджыІакІуэ ныбжьыщІэм зэфІэкІ ин зэрыбгъэдэлъыр нэгъуэщІ утыку куэдми зэрыщигъэлъэгъуэнум шэч къыдэзрытримыхьэр.

ЗэІуущІэм и кІэухым КЪБР-м и Іэтащхьэм и хьэщІэхэм я щІэныгъэ зыхуигъаззэри къыпищащ, - уэ ирыщигъэлъэгъуэнум щэч къыдэзрытримыхьэр.

ЗэІуущІэм и кІэухым КЪБР-м и Іэтащхьэм и хьэщІэхэм удз гъэгъахэмрэ фэеплъ тыгъэхэмрэ яритащ икІи абыхэм ящІыгъуу сурэт зытригъэхащ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

УФ-м и Президентым къигъэув къалэнхэр зэрагъэзащІэр къапщытэ

КЪБР-м и Къэрал чэнджэщэгъу Бозий Натбий Шэджэм муниципальнэ районым щригъэкІуэкІащ УФ-м и Президентым 2012 гъэм и накъыгъэ мазэм къыдигъэкІауэ щыта указхэр гъэзэщІа зэрыхъум теухуа зэІущІэ.

АБЫ хэтащ КЪБР-м и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъу Уянаевэ Аминат, Шэджэм муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ Текіуэ Артур, районым щыпІэ унафэр зегъэкІуэныгкІэ и советым и тхьэмадэ Уэдыжь Хьэсанш, КЪБР-м и министерствэ, ведомствэ щхьэхуэхэм я лІыкІуэхэр, Шэджэм муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и лэжьакІуэхэр, районым и жылагъуэхэм я Іэтащхьэхэр, Іуэхущ1апІэхэм, организацэхэм я унафэщІхэр.

УФ-м и Президентым и указхэр гъэзэщІэныкІэ жэуап зыхь хъулыкъущІэхэм зэІущІэм щІэсахэр щыгъуазэ ящІащ лэжьыгъэхэр зэрекІуэкІым, капащтэмэ продукцэм зэрыхэхъуэм, капитал нэхъыщхьэм халъхьэ инвестицэхэр зыхуэдизым, социальнэ Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм я лэжьапщІэм Указ №597-м и къызэрыгъэувым тету зэрыхагъахъуэм. ЗэрыжаІамкІэ, медицинэм и лэжьакІуэхэм, школхэмрэ сабий садхэмрэ я егъэджакІуэхэм, гъэсакІуэхэм ику иту къаІэрыхьэ лэжьапщІэм хэгъэхъуэныр ягъэувауэ щыта къалэнхэм тету йокІуэкІ. ЗэкІэ нэхъ зыхунэмысар щэнхабзэм и Іуэхущ1апІэхэмрэ щІэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъуэт Іуэхущ1апІэхэмрэ я лэжьапщІэхэр араущ, абыхэми я ахъшэм хущІагъун папщІэ финансым и хэкІыпІэхэр яубзыхуащ.

Апхуэдэу зэІущІэм щыжаІащ медико-демографие Іуэху нэхъыщхьэхэри тэмэму зэрызэфІагъэкІыр - къалъхуэр нэхъыбэ хъу зэпытщ, сабий щІэнэхэм ящыщу лІэжхэр ягъэмэщІащ, апхуэдэу нэрылъагъуу нэхъ мащІэ хъуащ жьэн, гу-лъытхуэ узэхэм илыкІхэм я бжыгъэр. Дызэрыхьа илъэсым и япэ мазищым къриубыдэу гъэугуэхэм къыщыхъу гуэвэгъуэхэм зыри зэкІуэдакъым.

Зэпкърыхауэ хэплъащ Указ №600-м ипкъ иткІэ цыхухэм я псэупІэхэр егъэфІэкІуэныжмкІэ зэфІагъэкІхэм.

УФ-м и Президентым 2012 гъэм и накъыгъэ мазэм къыдигъэкІа указхэр гъэзэщІэныжмкІэ жэуап зыхьхэм КЪБР-м и Къэрал чэнджэщэгъум яжриІащ къэралым и унафэщІым къигъэувахэр фІэкІыпІэ имыІэу гъэзэщІэныр иджыпсту къалэн нэхъыщхьэу зэрыщытыр.

Шэджэм муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм зэІущІэм кърихьэлІа псоми фІыщІэ яхуищІащ лэжьыгъэшхуэ зэрырагъэкІуэкІам, сабэп хъун чэнджэщэр къызэралъхьам папщІэ икІи быдэу жиІащ УФ-м и Президентым къигъэувахэр нэгъэсауэ икІи яубзыхуа пІалъэхэм къриубыдэу зэфІагъэкІын папщІэ районым исхэм я деж зыри къыдэзрыщамыгъэнэнур.

КІАРЭ Элинэ,
Шэджэм муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и пресс-Іуэхущ1апІэм и унафэщІ.

ГукъыдэжкІэ гъэнщІат

ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 72-рэ щрикъу махуэшхуэм теухуа дауэдапщэхэм хэтащ КЪБР-м Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ щыІэ министерствэм и лэжьакІуэхэри.

ХАБЗЭ зэрыхъуауэ, ТекІуэныгъэм и махуэшхуэм щыпежьащ Хэку зауэшхуэм зи псэр щызыта, я кІэлъапІэ агъэзащІэу хэкІуэда хабзэхъумэхэм я фэеплъым деж, Налшык къалэм Милицэм и сквер цІэр зезыхьэ жыг хадзм итым.

Хэку зауэшхуэр ТекІуэныгъэ ИнкІэ зэриухрэ илъэс 72-рэ зэрырикъум теухуа махуэшхуэ пэкІум хэтащ республикэм и МВД-м и унафэщІхэр, къарузехьэ Іэнатіэхэм я Іэтащхьэхэр, ветеранхэр, Хэку зауэшхуэм хэтахэмрэ а зэманым лэжьахэмрэ.

- ТекІуэныгъэм и махуэр дэ тщыщ дэтхэнэм дежкІи хъуащ ди къэралыр зэрылъущым и дамыгъэ, советыдзэмрэ цІыхухэмрэ я лІыгъэмрэ хахуагъэмрэ я щапхъэу ар зэрызыхэтщІэр. Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ органхэм я иджырей лэжьакІуэхэм пащэ ди нэхъыжьыфІхэм я щапхъэм, ди республикэм хабзэр щагъэззэщІэныр къыщызэрагъэпэщ, щІэпхъаджагъэмрэ террорымрэ пэщІэтщ, - къыхигъэщащ КЪБР-м къэралкІуэцІ Іуэхуэхмкіэ и министр, полицэм и генерал-лейтенант **Ромашкин Игорь** къыщзхуэсахэм защыхуигъаззэм.

Министрым къыхилъхьэри, къыщзхуэсахэр дакъикъэкІэ яхуэщыгъуащ зауэм хэкІуэдахэм.

Совет къэралышхуэм и цІыху мелуанхэр зыщІэбэна ТекІуэныгъэ Иным и мыхьэнэр зыхуэдэм, къэкІуэнур зей щІэблэр хэкупсэу къэгъэтэджыным гулъытэ зэрыхуэщІыпхъэм къытеувыІащ КЪБР-м къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ и Іэнатіэхэмрэ къэрал кІуэцІыдзэхэмрэ я ветеранхэм я советым и унафэщІ, лэжьапІэ Іумытыж, къэрал кІуэцІ къулыкъум и полковник **Думай Борисрэ** министерствэм и ветеран, полковник **Марченкэ Сергейрэ**.

КЪБР-м щыІэ МВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советым хэт **Мэкъушэ Руслан** ди лъахэр бийм щызыхъума нэхъыжьхэм фІыщІэ яхуищІащ.

Фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьэри, пэкІум хэтахэм яунэтІащ Іэхэтіохъущокъуэм и жыг хадзм икІи, адрейхэми хуэдэу, удз - гъэгъахэр «ЩІыхьым и МафІэ мыужьых» фэеплъым деж щагъэтІыльащ.

Хабзэхъумэ Іэнатіэхэм я унафэщІхэр хэтащ «Полк уахътыншэм».

УЭРДОКЪУЭ Женя.

♦**Медсестрам и дунейпсо махуэщ**

♦**Израилым и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ**

♦**1731 гъэм** Ладогэ псыдэжьпІэм кхъухьхэр щызекІуэу хуежьащ.

♦**1945 гъэм** советыдзэхэм Прагэ къэлар нэмыцэ фашист зэрыпхъуакІуэхэм къыІэщІагъэкІыжащ.

♦**1975 гъэм** СССР-м и кинотетархэм щагъэлъагъуэу щІадзащ Бондарчук Сергей Шолохов Михаил и романыр и лъабжьэу триха «Они сражались за Родину» фильмыр. Къэралым щыпсэухэм ящыщу мелуан 40-м щІигу еплъат абы.

♦Абхъазым и цІыхубэ хуакІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Шинкубэ Бэгърат** къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу.

♦Совет усакІуэ, тхакІуэ, архитектор, жылагъуэ лэжьакІуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Вознесенский Андрей** къызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Публицист, КЪБР-м щІыхь зиІэ и журналист **Уэрыш Нурхьэлий** къызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.

♦ЩЭрджэс еджагъэшхуэ, Іуэрыіуатэдж, КъШР-м щІыхь зиІэ и журналист **Брат Хьэсин** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Урысей гимнастхэ цІэрыІуэ, УФ-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, Олимп Джэгухэм я чемпионкэ, жылагъуэ лэжьакІуэ **Кабаевэ Алинэ** и ныбжьыр илъэс 34-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 17, жэщым градуси 10 - 11 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Къэпкъ Іущыгъэ:

ЩІакІуэ нэхърэ уэшх нэхъ благъэщ.

Гу зылъытапхъэ

КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІащІэгъэуакІэ цІыхухэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32**.

Абыдэ Хь. С. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхухэм Іэухутхьэбзэхэр яхуэщІэныжмкІэ и Іэнатіэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Рекреацэм и Іэнатіэм зегъэужьыным къаруушхуэ зэрырихьэлІам икІи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхухэм Іуэхутхьэбзэхэр яхуэщІэныжмкІэ и Іэнатіэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр фІэщын **Абыдэ Хьисэ Садин и къуэм** - «Къурш псынэ» санаторэ» жэуап зэхэгъэщхьэхукІа зыхь зэгухьэныгъэм и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм накъыгъэм и 11-м
№73-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

Къэрал лэжьакІуэ цІэрыІуэ Мэлбахъуэ Тимборэ Къубатий и къуэр къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъум теухуа юбилей дауэдапщэхэр гъэхьэзырын икІи егъэкІуэкІын папщІэ:

1. Къэрал лэжьакІуэ цІэрыІуэ Мэлбахъуэ Тимборэ Къубатий и къуэр къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъум теухуа юбилей дауэдапщэхэр зыгъэхьэзырыну икІи езыгъэкІуэкІыну къызэгъэпэщакІуэ гупым хэтхэр убзыхун.

2. КъызэгъэпэщакІуэ гупым хэтхэм зэхалъхьэу къащтэн хуейщ юбилейм ирихьэлІэу ирагъэкІуэкІыну Іуэхугъуэхэр зыхуэдэнум я планыр.

3. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ,
2017 гъэм накъыгъэм и 2-м
№35-РГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2017 гъэм накъыгъэм и 2-м Іэ зыщІидза Унафэ №35-РГ-мкІэ къыщытащ

Къэрал лэжьакІуэ цІэрыІуэ Мэлбахъуэ Тимборэ Къубатий и къуэр къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъум теухуа юбилей дауэдапщэхэр зыгъэхьэзырыну икІи езыгъэкІуэкІыну къызэгъэпэщакІуэ гупым

ХЭТХЭР

КІуэкІуэ Ю. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэр *(къызэгъэпэщакІуэ гупым и унафэщІщ)*

Егоровэ Т. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІыр *(къызэгъэпэщакІуэ гупым и унафэщІым и къуэдзэщ, зэгурыІуауэ)*

Мусуков А. ТІ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІыр *(къызэгъэпэщакІуэ гупым и унафэщІым и къуэдзэщ)*

Алэкъэй А. М. - Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Ахъуэхъу Т. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэр

Берд Хь. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Дадэ М. А. - Тэрч муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Евтушенкэ Н. Н. - лэжьыгъэм и ветераныр, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужьыр *(зэгурыІуауэ)*

Емуз Н. Гъу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министрыр

Жыджэт А. А. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и комсомолым и ветеранхэм я совет» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Зумакулов Б. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЦІыхум и хуитиныгъэхэмкІэ уполномоченнэу щыІэр *(зэгурыІуауэ)*

Канунников В. А. - Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къегъэщІылІа и федеральнэ инспекторыр *(зэгурыІуауэ)*

Къумахуэ М. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ и министрыр *(къызэгъэпэщакІуэ гупым и секретарщ)*

Къуэдзокъуэ М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщІыр

Пащты Б. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Щэнхабзэмкіэ, жылагъуэ Іуэхущ1апІэхэм зегъэужьыныжмрэ цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и комитетым и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Сэбаншы Р. Къ. - пенсэм щысыр *(зэгурыІуауэ)*

Щоджэн Щ. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Архив Іуэхущ1апІэм и унафэщІыр

Аруан районым хыхьэ Чернэ Речкэ къуажэм и щІыналъэм щыщ Іыхьэм мардэ пыухыкІахэр (карантин) щыгъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

Аруан районым хыхьэ Чернэ Речкэ къуажэм псэущхьэм хъащхьэрыІуэ зыкъыгъэлІауэ наІуэ къызэращІам къыхэкІыу, «Ветеринариемрэ и Іуэхукіэ» 1993 гъэм накъыгъэм и 14-м къащта Урысей Федерацэм и Закон №4979-1-м и 17-нэ статьям илкъ иткІэ, апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкіэ и управленэм и унафэщІым и кьалэнхэр зыгъэзащІэм №38/02-879-м щІэту 2017 гъэм накъыгъэм и 5-м къигъэхьа тхыгъэм ипкъ иткІэ икІи хъащхьэрыІуэ узыр гъэкІуэдын мурадкІэ:

1. Мардэ пыухыкІахэр (карантин) махуэ 60 пІалъэкІэ щыгъэувын Аруан районым хыхьэ Чернэ Речкэ къуажэм и щІыналъэм щыщу Къурамышэм, Сабадзе и уэрамым, Пролетарскэ, Гъатхэ уэрамхэм, къуажэм и ипщэ-къухьэпІэ гъунапкъэм я къухьым къриубыдэм.

2. Карантиныр щыщыІэ зэманым мы унафэм и пункт 1-м къыщыгъэлъэгъуа щІыналъэм унагъуэ псэущхьэхэр, абыхэм хьэхэмрэ джэдухэмрэ яхэту, кърашыну, апхуэдэу а щІыналъэм унагъуэ псэущхьэхэмкІэ сату щащІыну хуиткъым.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкіэ и управленэм хуэгъэувын Аруан муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм щІыгъуу хьэщхьэрыІуэ узыр гъэкІуэдыныжмкІэ зыхуэфащэ Іуэхухэр зэхилъхьэу игъэзэщІэну.

4. Мы унафэм къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм накъыгъэм и 10-м
№40-РГ

Абхъазым и цIыхубэ усакIуэ, КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ Шинкубэ Бэгърат къызэралъхурэ илъэси 100 урокъу

Пэжыр зи гъуазэу псэуа

1912 гъэм дунейм къытехьащ Гулиа Дмитрий и усэхэр щыIэзэхуэхьэса тхылъ. АбыкIэ зэхэубла хъуащ ди къуэш абхъазхэм я тхыбзэмрэ литературэмрэ. Гулиа Дмитрий зэхиубла литературэм и къару илъыгъущ нобэ, абы щолажьэ зи гуащIэр ин, зи псалъэр жан тхакIуэ, усакIуэ куэд - я лъэпкъ литературэм и фIыцIэ жыжьэ щагъэIун яхуэзэфIэкIауэ.

АБХЪАЗ литературэм и цIэмрэ и щIыхьымрэ жьжьэ щызыгъэIуа тхакIуэхэм ящыщущ Шинкубэ Бэгърат, абы и усыгъэхэм, повестхэм, романхэм ягъэбжьыфIэ ди къуэш лъэпкъ хахуэм и тхыбзэр.

Къуныкъу лъагэ куэд зэрихьащ Шинкубэ Бэгърат: Абхъазым и ТхакIуэхэм я союзым и унафэщIу, Абхъаз Республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и тхьэмадэу щытащ, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату зыбжанэрэ хахащ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, Абхъазым и цIыхубэ тхакIуэ цIэ лъапIэхэр хуагъэфэщащ. Шинкубэ Бэгърат куэдрэ къэкIуащ ди хэкум, абы фIащауэ щытащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ тхакIуэ» цIэ лъапIэр.

ТхакIуэр 2004 гъэм дунейм ехьжащ.

1938 гъэм къыдэкIащ Шинкубэ Бэгърат и япэ усэ тхылъыр, абы лъандэрэ, дунейм тетыху, зы махуи игъэтIылъакъым тхакIуэ кьалэмыр. ГуащIафIэу, Iумахуэу кьыщIэкIащ а кьалэмыр: Шинкубэ Бэгърат и Iэдакъэ къыщIэкIащ абхъаз литературэм лъэбакъуэщIэ езыгъэча тхыгъэ купщIафIэ куэд - усыгъэ хьэлэмэтхэр, «Си лъэпкъэгъуэхэр», «Куршым и пшынальэ» усэкIэ гъэпса романхэр, «Чантэ къэсыжащ» повестыр, «Мывэ къутахуэ», «ЖылакIэ» романхэр. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри абхъаз литературэм и хъугъэфIыгъуэ нэхъ лъапIэ дыдэхэм ящыщщ, абы и гуащIэмрэ зэфIэкIымрэ зэрыпим и щапхъэщ.

Псом хуэдэккым «ЖылакIэ» романыр - дунейм къызэрытехьэхэу, ар цIэрыIуэ дыдэ хъуащ, бзэ IэджэкIэ зэдзэкIауэ зэма къэралхэми къыщыдэкIащ. Ар адыгэбзэкIэ зэдзэкIауэ 1989 гъэм Налшык къыщыдэкIащ, и тиражыр экземпляр мин 15 хъуу.

«ЖылакIэ» романым лъабжьэ хуэхъуар кавказ бгырыс лъэпкъхэм ящыщ зым - убыххэм - я щхьэм кьэрикIуа насыпыншагъэрщ, абы и пэжыпIэр, и щхьэр течауэ, иIуэтэфащ Шинкубэ Бэгърат. Убыххэм я нэгу щIэкIа гукъутэгъуэм и закъуэкъым «ЖылакIэр» зи тхыдэр - Кавказ зауэм дунейм трикъухьа адрей бгырыс лъэпкъхэми я тхыдэщ ар. И Iэдакъэ а зы тхыгъэм фIэкIа къыщIэмыкIатэми, Шинкубэ Бэгърат и цIэмрэ и фIыщIэмрэ ди лъэпкъхэм игъащIэкIэ ящыгъупщэнтэкъым.

Къудым урегъэгупсыс, укъыхуегъэуш «ЖылакIэ» романым. Убыххэр щIым щIыхьэжащ, я тхыдэр дунейм кьытранэри. Зы лъэпкъым зы бэи къащIащ хъунукъым убыххэм я щхьэм кьэрикIуар - дунейм къыщытехьа махуэм къыщыщIэдзауэ апхуэдэ хуитныгъэ иIэщ дэтхэнэ лъэпкъми. Я нэхъ лъэпкъ цIыкIу дыдэми! Псоми я зэхуэдэщ мы дунейр. Псори техуэнущ, зыр зым имылIмэ, зыр адрейм емыпэгэкIмэ. Дунейм нобэ хабзэ щохъу ар, арыншамэ убыххэм я натIэ хъуарщ Iэджэм къащIэлъыр - ар тщыгъупщэ хъунукъым лъэпкъыщхуэхэми лъэпкъ цIыкIуэхми. Зи хъарэ илъым, зи Iэщэр нэхъ жаным и унафэ фIэкIа щыземыкIуэ дунейкъым нобэ дызыщыпсэур. Дэтхэнэ лъэпкъми абы плIанэпэ гуэр къыщыпIуэ, лъэхэкIэ еджау. Апхуэдэ хуитныгъэ иIэщ дэтхэнэ лъэпкъми. Я нэхъ лъэпкъ цIыкIу дыдэми! Псоми я зэхуэдэщ мы дунейр. Псори техуэнущ, зыр зым имылIмэ, зыр адрейм емыпэгэкIмэ. Дунейм нобэ хабзэ щохъу ар, арыншамэ убыххэм я натIэ хъуарщ Iэджэм къащIэлъыр - ар тщыгъупщэ хъунукъым лъэпкъыщхуэхэми лъэпкъ цIыкIуэхми. Зи хъарэ илъым, зи Iэщэр зхэ

Шинкубэ Бэгърат

Убыххэм я щуҗьрей хасэ

«ЖылакІэ» романым щыщ пычыгъуэ

Тыркум дыкъэІэпхъуэ нэужь, медж-лискІэ ебджу зэхэтхащ, ди хэкум хасэкІэ дыщеджэрт, лъэпкъым и унафэр зыІэщІэлъри арат. Цыхьу пщыкІуз хэст хасэм, садзхэмрэ ахъчыпсохэмрэ я щэкІи цыхьитІ; садзхэмрэ ахъчыпсохэмрэ абхъаз лъэпкъщ, ауэ а лъэхъэнэм ди дежкІэ нэхъ зыкъраГъэщІат.

Убыххэм я хэкур жылащхьэ пщыкІуз ГъуІут. Тыркуэр вилайеткІэ зэджэм хуэдэщ жыхуэсІэр. Хасэм хыхьэр жылащхьэхэм я тхьэмадзэкэрт. Абы ди жылащхьэм я цІэкІэ хэсыр Ало и къуэ Шардынт. Жылащхьэ тхьэмадзэхэм нэмыщІ, хасэм нэгъуэщІитІи хэст: СыхьэтджэрийкІэ зэджэ жылэ къадырэ Мусэкіэ ебджу нэгъуэщІ зырэ; Мусэ щэныгьэ бгъэдэлъ къыщІэкІынт, - ебджэкІэрэ тхэкІэрэ ищІэрти, хасэм къыщІэхэсыр итхъыщІ. Абы и макъ зэи щІэзэхэсхакъым хасэм, и щхьэ щІигуаэу тхэуэ щыс зэпытт, Іэнэ цІыкІум зытриубГъуаэу; Іэнэ цІыкІум къабзийхэр тест, зэ зыр, зэ адрейр къищтэурэ хьэрыл хьэрфхэр иритхэкІырт, зы псалъи димыГъэхуу.

Хасэр щІэзэкьыкъым Мытхэс жылэрт, абы езы Хьэжы Джырандыкъуи Хьэжы Джырандыкъуэ и лъэпкъри, Бэрэзджэ, дэст. Гъэмахуэм хасэр жыгей гуэрэныщхуэм и жьауэм щІэзэхэст, щІы-махуэм хъуэш унэм щІэзэхэтІысхьэрт.

Хъуэш унэращ убыххэр Тыркум Іэпхъуэн зэрыхуейм и унафэр щащІар, сэри срихьэлІэгъащ э хасэм. Хъуэш унэм къыщаухэса унафэм и фІыгъэщ убыхьібзэ зыщІэж сэ зым фІэкІа нобэ къыІэзрымынэжар.

Гъатхэ пасэт, жэщым уэшхыщхуэ къешхат, апхуэдизкІэ уэшхыщхуэти, уэсыр иритлъэсхъжат, къуэ кІуэцІхэм къыщІэзтенам фІэкІа къэмынжауэ. Уэшх нэужым уафэр бзыгъэ хъужащ, ауэ Хьэжы Джырандыкъуэ дыщІыгъуу хъуэш унэм дынэсхуэу, дунейр кьыІэзІыхьэжри, уэшхрэ уэсрэ зэщІэлъу къех хъуащ.

Апхуэдэ махуэм и унэ икІ щыІэтэкъым, щхьэж и жьэгу дэсыкт. А махуэр нэгъуэщІт: цІыхур ІуІт, хьэдэ изыхауэ, нэщхьейуэ зэхэтт.

Хъуэш унэм пэмыжьжьэу щепсыхащ Хьэжы Джырандыкъуэ. Хасэр зэхуэсауэ къыпэплъэрт абы. Хьэжы Джырандыкъуэ и учь иувэри, хасэм хэсхэр хъуэш унэм щІыхьащ.

Хъуэш унэм щыслъэрэуамрэ щы-зэхэсхамрэ ноби си кІэгу щІэтщ, фІыуэ сощІэж, сщІэжыр пхуэсІуэтэжынщ. Хьэжы Джырандыкъуэ щхьэхуэу ТІы-щащ, абы и бГыпГІыкІэ щыІэхэ-тІысхьащ адрейхэр. Абыхэм я щІыбкІэ кьыдзуящ бГьащхуэ ахъыл зиІэкІэ дыІэзджэхэр; къызыхэкІа лъэпкъкІэ мыщІэрыІуэми, абыхэм я псалъэм пщІэ иІэт, я чэнджэщ унафэм халъхьэфырт. Щлэхъуи ящыщт абыхэм - тхьэпщ ІыкІыжьр. Хьэжы Джырандыкъуэ хасэм зэритхьэмадзэрэ кущІат, абы срищъкьэхъуэмэти, хъуэш унэм сэри уэвыІпІэ къыщыслъысыстэрт, Хьэжы Джырандыкъуэ и щІыбкІэ.

А пщэдджыжьым псом я ужь кьинауэ хасэм къахьихьар жьлэ къадырщ - Сыхьэтджэрий. И лъэр хуэм дыдэурэ зэблихьу, къахьихьащ ар хасэм, хьэжы пыІэр щхьэрыгъэсауэ. Псоми яблэкІащ, яхуеплъэкІакъым, кІуэри, Хьэжы Джырандыкъуэ пэмыжьжьэу етІысэхащ.

Садзхэмрэ ахъчыпсохэмрэ я ІыкІуэхэм я тІысыпІэхэр нэщІт. А пщэдджыжьым кІрихьэлІакъым ахэр хасэм. Ахэр кІуримыхьэлІами, цІыхур хъуэш унэм щІэз къэхъуат, кІрихьэлІат жьыи щІэи, хасэм псалъэ хэзыльхьэфыну зыхуагъэфащэ дэтхэнэри. Хасэм и ІыкІуэхэм я щІыбкІэ щІэзэхуват ахэр, Хьэжы Джырандыкъуэ хасэм къахьихьэну псалъэм зэрыпэплъэри слъагъурт. Къэдрэ зыпГгъаплъэ хабзэтэхъым абы, и псалъэр щІэм хуэдэу къахидзэу есат, ауэ а пщэдджыжьым щІэм къахэпсэлъакъым. И лъэгуажьэм зытригъэщІауэ хэпплъэу щысащ къуэдрэ. И напІэр къэпщІат, жейм зэремызэгъар пщІэуэ. Заул дэкІауэ, и щхьэр къИятащ, псори зэпиплъыхьащ, псынщІэу къэтэджащ, и пыІэр дригъэкІуэтэйри, и къамэ Іэпщэр ІитІкІэ иубыдащ:

- Зауэр зэрекІуэкІым фыщыгъуэзэщ, дыгъуасэ ЖжеІэм нэхъыбІэ жжеІэфынукъым зауэр зэрекІуэкІым и Іухукіэ. Урысхэр дэни къыщыдобГэрыкІуэ. Гъунэгъу дыдэ къэхъуащ, ары Іуфэмкіи ищхъэрэкіи къыщытпэуващ. Абыкіэ хъыбар къызэгъэщІащ ди тІасхъэщІэххэм. Махуищ мэхъу си адэ къуэшыр инэрал Гейман деж зэрыкІуэрэ зэгурыІуэн щхьэкІэ - хъыбар иджыри къэс къытІэрыхьакъым. ЯукІами тщІэрэкьым, яубыдами тщІэрэкьым. Сад3хэмрэ ахъчыпсохэмрэ я тІысыпІэр зэрынэщІыр фольагъу - къыщІэмыкІуар къэдзыхаэу арагъэнщ. Шапсыгъхэм Іэщэр яГэтІыльащ, лъыуэ дГэжкар ирикъунщ, жаІэри. Натхъуэджжэр ыкІи зэпрокІ, адрейхэми ящІэнрэ ящІэркъым. Абхъазым я пщышхэр, Чачэз Хьэмутбей, япэрыуэмэ, Псхъуу дэсхэри, Дал дэсхэри, Цэбал дэсхэри я псалъэ епщыкІынукъым, дэІэпкъгъуэ къытхуэхъунущ. Убыхым ди Іуэхуэ хэпплъэгъуэ зэрыхъуам лейуэ сыщыІтепсэлъыхьыжьи щыІэ? Нобэ дэ тщІэрэкьым пщэдей къытпэплъэр - зауэ хэзмэ мамыригъэ, хуитынигъэ хьэмэ гъэрыпІэ, е хьам дызэпрыкІынхуей? Убыхыр зэрыжьлэу къыполлъэ ди унафэм. Зы унафэ щытщІынхуей махуэщ нобэ. Ар дГъэтІыльын тхуэзэфІэкІынукъым, ПІалъэ къыхэдгъэкІ хъунукъым, ди жагъуэми, ди щІасэми.

Цыхьэ щІымащ псори. «Хэт кьыхэзыдзэнур?» - жысІэрт сигукІэ. Сигу ящІэ зыхуэжар Ало и кьуэ Шардынщ: Тыркум Іэпхъуэн мурад ищІакІэщ абы, ауэ апхуэдэ мурад зэрилэр мьбдеж, ЖьжиІэфыни щыжимыІэфыни, щьжиІэмэ, лъы гъэжэн хуей хъунукъэ? Абы сыздегупсысам, сыхуопІыкІ Ало и кьуэ Шардынт. Зыри къэмыхъуэ хуэдэ, щысщ ар, и Іэпэ пІащэмкІэ и жьакІэпэм хопэщэщыхьри.

Ялпэ къэпсэлъэнур кьысхуэзщІакъым, сытми.

Ялпэ къыщылъэтар жьлэ къадырщ - Сыхьэтджэрий. И ІитІыр и жьакІэ щІыбгъэхьым хуихьри, зэчыр кьыхидза хуэдэ, и макъыр кьикІэзызыкІащ абы:

- Алыхьым и гущІэгъур инщ, Алыхьым и гущІэгъуэ дыхинынкьым! - ИтІанэ и ІитІыр и бгъэгум щыІэзэрдзащ, и пщэр хишрі, щІыхь ІуІэым яхэплъащ. - Ди натІэм итым дыфІэкІынукъым, ар Алыхь Іэмырщ. Алыхьым иухакІэщ: мы хэкур дыбгынэн хуейщ дэ, пІалъэкІэ нэхъ мыхъуми, дыбгынэн хуейщ. Аращ Алыхьым кьытхуиухар, абы деуВэлІэн хуейщ, дэ нэгъэущ гуГъанІэ диІэкъым. Джаурхэм ди хэкум драху, хьм дызэпрыкІмэ, жэнэт щыІналъэр кьыттполлъэ. Дунейм псом и щІылъэныкъуэр ІэщІалъщ тырку пащтыхьым, пащтыхьым Іэплі1ешэкІкІэ дригъэблэгъэнщ. Мусылъымэщ щІынальэщ ди кІуапІэ чъунур. Ар щытщІэкІэ, зи щІыхьэр ин хъун жьлэ, сыт дызыпэплъэр, зыщІэтІэкъэр сыт, жызоІэ! Урыс инэралхэм кьытхуамурадар фощІэ - Псыжь дызэпрахуну аращ. Псыжь диззэгъэну дэ? Дин зрыдагъэхьэн итІанэ, джаур дыхъункъэ псорИ! Хэт пхуэкІуэн а жьхьэмдхэм? Жэнэтым и бжэр зэІуГъэуэзэщІыкІакъэ, Тыркумкіэ дГъаэзмэ!

Сыхьэтджэрий и псалъэр я щыпэзэхэтэкъым цІыхум, куэд щІат апхуэдэ псалъэмакъ зэриутІыпщрэ, ауэ апхуэдизу иригъэлеинкІэ иджыпсту зыри пэплъагъэнтэкъым.

ИтІани сэ гу лъыстащ зыбжанэм ар къабыл зэращыхъуам - я фэкІэ къащІэрт, я жьакІэ ямыІуатэми. Кьадым и псалъэр щиуэ зытехуари мащІэтэкъым.

Бэрэкъей и кьуэ Наурыз, блэ зэуам нэхъей, кьыщылъэтащ. ЦІыху пхъашэт Бэрэкъей и кьуэ Наурыз, хэщІыхьат, плІабгъуэт. И пыІэ къуаэр унэ лъэгум иридзэри, и нэщхъ зэщІэІуІлаеу, мафІэр къыІурылъэлъащ:

- Мыр лІым я хасэкъым! Мыр фызымрэ джэшыдзымрэ я теупІащ! Махуищ хуэдизкІэ, джэш дзаеуэ дыдэхэсынмэ, цІыхухъу щыгъынер зыщыдвГъэх, ди напэр зытедвмыГъэхьж, пыІэ зетхьэну тхуэфащэкъым дэ! ІэлъэщІ зытедвГъалъхьи, жьэгум дыдэвГъуэвэ, джаурхэм мыраемісэ яхуэтпщэфынщ, я Іэнэр зетхьэнщІ ЦІыхур кьыдздэІуэжыркъым! Дэ хэку диІэщ, ди лІьахэ дисыжщ, хэт деж щІыхьэху щхьэкІэ лъэІуакІуэ дыздэкІуэнур? Мыращ ди лъапсэр, Псыжьи Тыркури дэ лъапсэ тхуэхъункъым. КъэрабГъэр дэнэ хуейми ирекІуэ, сэ сылІщ жьзыІэм лъы игъэжэнщ, зы убых псэууэ къэнэху!

И пыІэр кьищтэжри иутхыпІащ, ауэ щхьэритІэгъэжакъым, тІысыжри, ибГъукІэ игъэтІылъащ.

- Захуэщ, Наурыз! - кьыхэкІиикІащ зыщІапІІ.

- Дэ дыгъэркъым, Іэпхлъэпх дызыщыни кхъэхуакъым! - и ІитІыр и бгъым иригъэувэри, кьэпсэлъэщ Хьыршэ и кьуэ Мурат. - Дэ зыдмытмэ, Іэщэр дымыГъэтІылъмэ, псори ди ужь ниувэнущ.

- Іэщэр дГъэтІылъынкъым, ди псэм деблэжынкъым! - кьыхэкІиикІащ нэгъуэщІ зыи; хэтми кьыхсхуэщІэжыркъым. - Хэт текІуэнуми, зыщІэ щыІэкъым - дэра хьэмэ ди бийэра?

- Зэ фыкъытримыч. Гупсыси псалъэ, щыжаІар нобэ хуэдэ зы махуэщ. Уемыгугъуэсыуэ кІаххъыр щІэнчмэ, уи ІэкІэ зыбукІыжауэ аращ, - кьахэпсэлъащ Сит. Ар ди благъэ лІыжьыр, кІыгу губзыГъэт, и псалъэм пщІэ иІэу къэГъуэгурыкІуат. ЦІы е нэгъуэщІ гуэр щхьэкІэ тІу дэуэгъу зэхуэхъуамэ, ялпэ зэкІуаІэр арат, ар я хеящІэт, чэнджэщэгъут. Хьэжы Джырандыкъуи итыпІэрт абы и псалъэр.

Сит и макъыр щыІэзхахьм, псоми зыхъурагъэзэщІ щхьэкІэ, ауэ лІыжьым афІэкІа кьыпидзакъым.

- Уэ уцІыху Іущщ, Сит, - жиІащ Хьэжы Джырандыкъуэ. - Псалъэр кьыщыхэбдзакІэ, и кІэм нэгъэс. Уи псалъэ зэхэтхьну дыхуейщ.

- Си акъыл мащІэм кьиимытІэсэн Іуэхущ, - жиІащ Сит. - Си кьуищ зыуэн Іутщи, лъы ягъажэ, я Іуэху зытети сыщыгъуэзэкъым, ауэ псэууэ къагъэзэжмэ, плІыри деувэлІэнщ фи унафэм, ар сыт хуэдэ унафи ирехъуи. ДызэрыгъэлъэІуэ зыщ - фемыпІэщІэкІ, фегугупсыс унафэм. Дызывмыгъауэ! Нэхущ вагъуэмрэ пщапэ вагъуэмрэ зэхэвмыгъэгъащэ! Нэхущ вагъуэращ си нэ кьызыхуикІыр, атІэми пщыхьэщхьэ вагъуэ сльагъуэ кьысфІощІ, ари лъы защІэрэ нэпс пщытырым зэщІищтауэ!

Иужькіэщ, куэд дэкІа нэужьщ, лІыжьым и псалъэр сигу кьыщыкІыжар. А махуэм сегупсысакъым абы, гуи лъыстакъым. Сэ си нэр зэтар нэгъуэщІт: лъэпкъым и унафэр зыщІынмрэ ди унагъуэм и унафэр зи Іэмыщіэ иІыымрэ.

Ало и кьуэ Шардын и пІэ иКІакъым, зы псалъи жиІакъым, щысщ, зыми имыгъэдзэкъэ хуэдэщ, и унафэр ибзщ, идри игъэтІылъыжащи, игу зэгъащ.

Хьэжы Джырандыкъуэ щымащ. Зыри зэмызэгъын быдапІэ кьысщыхъуар ар, кьэзыгъэдзэкъэни кхъэхунтэкъым. Емыкіу сыкъэпщІынкъым, Шэрахъ, бегъымбарри си фІэщ хуэрпэкъым абы щыгъуэ, Хьэжы Джырандыкъуэ си фІэщ зэрыхъум хуэдэу!

Заулрэ щымащ псори. Иужьым къэтэджащ Бэрэкъей и кьуэАхъмэт, Наурыз хъыжьэм и шынэхьщІыр. Ар пІлабгъуэт, и шынэхьыжьым хуэдэу, ауэ бгы псыгъуэт, ІэныстэкІэ зэпыбГъэлъэтынкъэ жьпІэну. И жьакІэр кІэщІу пыгъэщхьат, и цей фІыцІэм джанэ хужьыбзэ кьыдэщыщт. Сэ сщІэрт абы Хьэжы Джырандыкъуэ телпъэ зэрымыхъур, теплъэ мыхъуми, ибзыщІыт, ар кьыдищІэмэ, Бэрэкъей и кьуэАхъмэт урысхэм дежкІэ бГъэнлъэкІынкІэ шынэрти.

Бэрэкъей и кьуэАхъмэт псалъэн щІидзакъым занщІэу. И дыжьын кьамэм теІэбэщ, и дыщэ сыхьэтыр кьрихри зэтригъэпкІащ, зэтрипІэжри, и жьп ирилъхьэжащ, итІанэщ псалъэ щы-жиІар:

- Унафэр зытедубыдэнур дымыщІэу къэдрэ дызэдэуащ, дызэдауэрэ щыхупІэм дыщъхьщхьэтащи, убыхыр жьыг къудамэ гуэгъуКІам дыфІэс пэлъытащ - хуэм-хуэмурэ зэрыгъэщІыкІыр зэхьдэх псоми. Сигу ипъыр щІэзбэщыщІи щыІэкъым, абыкІэ зыми сыщышынэркъым. Пащтыхьым и дзэр дзэ фІыцІэщ, зауэкІэ дыпэщІэувэн хуеякъым. Дяпэ итахэри дэри ди нэр уфІыцІауэщ дызэрызэуар, кьызэтехмэ, ди къарумрэ бийм и дзэ фІыцІэмрэ щурэ пІэсрэ зэразэхуакур тпъагъункІэ дышынэрти.

- Уи нэр нобэ кьыщыІэзэпгар, Бэрэкъей и кьуэ Ахъмэт? - кьыщыпІэрти щІэкІиящ абы Хьэжы Джырандыкъуэ.

- Адагуэ и кьуэ Хьэжы Бэрэздж ди шу пашэу щыщытам, уэратэкъэ цІыхур псом япэ зэщІэзыГаплъэр? Уэракъэ Тыркум, Инджылызым Іэщэ кьызышар? Топрэ фочрэ кхъухькІэ кьытхуэзышар уэракъэ, жьзоІэ? Сабий уэхъжа нобэ, кьыджеПэр сыт?

- Хьэмэрэ зи лъэужь хэзыгъэгъуэщэж тхьэкІымэкІыхьым ухуэдэ? - кьыкІэщІидзащ кьадым.

КІий макъымрэ губжь макъымрэ зэтесабрэжьху, зиІэжьащ Бэрэкъей и кьуэ Ахъмэт, псори ишыІащ.

- Уэахуэщ, Хьэжы Джырандыкъуэ, - жиІащ Ахъмэт. - Урысхэм Іэщэ къащыхуитхьм, фи уэжь ситакъым. ЛІыгъэнщэкІэ кьыдзджэнкъым зыри, лъы мащІэ иткІутакъым. Ауэ иджы кІуэдыпІэм дынэсащ. КІуэдыпІэ дызэрихуэнур тщІэн хуейщ, Іэщэр нэрыгъ щытщІым. Мы ди щхьэхъэбхэмкІэ мывэм зедудэкІауэ аращ, ди щхьэр хэтпъхьащ, мывэм лажьэ иІэкъым, зэрыпсэущ. Урыс пащтыхьым и инэралхэм я закъуэкъым абыкІэ гъэкъэншэн хуейр. ДагурыІуэу щытакъэ абыхэм? АфицарыщІэ къыщытфІащами дззэгъащ, ахъшэ кьыщыдатми Іуплпэм тщІакъым. Тырку пащтыхьм деж ІэзэщІэкІыжащ и ІитІанэ, абы дыкъыкъэгъущхуэкІри, зауэр дублэжащ, урыс инэралхэм дапэуващ. ДытхъэмыщкІэщ, дыщІэтхъэмыщкІэри мыращ: тырку пащтыхьым нэхъ Іыпэ дунейм темыту ди гугъэщ, лъы зыхуэдгъажэр аращ, езыр урыс пащтыхьым езэуэн мэшынэ. Аращ нобэ утыкум дыкъышцинар, нэгъуэщІ хэкІыпІэ щыІэкъым, урысхэм дагурыІуэн хуейуэ и чэзу хьуащ.

Наурыз зыхуэшІэжакъым абдежым, и шынэхъыщІэм хуилъащ:

- Си щхьэ хэкІуэда щІыпмэ, хэкІуэдар уи щхьэращ! ЩІхь пфІэтыжкъым уэ, джаурхэм гущІэгъу кьыпхуащІыкІэ уащыгугъмэ! КъэрабГъэм и псалъэщ дызэбГъэдалуэр, уэрэ сэрэ зы анэм дыкъыльхуащ, кьыжжеІэт: дауэ урысхэм дззэрекІужыну? Ди кьуэшитІ мыжурэпэм фІэзыІуар хэт жьзоІэ! Хэт ди кьуэшитІым яль зыщІэжынур, нобэ джаурхэм декІужрэ деувалІмэ? Дунейм ехьжа ди адэм и хьэдрыхэпсэщ, апхуэдэ псалъэкІэ иджыри зэ укъыдзщхьэкІуэмэ, зэшхэзэпІэ усщІынкІэ! Абы сынумыГэс! Хьэбгынэ мы хасэр! Тхэкі!

Къамэр кьрипхъуэтынымэ нэсакІэт Наурыз, армыГуейуэ зэтраІыгъащ.

- Си псалъэр и кІэм нэзвгъэгъэс, - жиІащ Бэрэкъей и кьуэ Ахъмэт, и шынэхъыжьым жэуап иримытыжу, Хьэжы Джырандыкъуэ зыхуригъэзэкІри. - УкІыпІэ сифшами, зы псалъэ жысІэжыну сыхуитщ.

- ЖьпІэнур жьпІащ уэ! - кьыхуиплъащ Наурыз аргуэру.

- Укъытримыч. И псалъэр и кІэм недгъэгъэснщ, - пэрыщащ абы Хьэжы Джырандыкъуэ.

- Фэри фощІэ: курржьр дэр нэхърэ нэхъыбІэщ куэдкІэ, итІани урыс пащтыхьым зауэкІэ пэщІэувакъым ахэр, - жиІащ Бэрэкъей и кьуэ Ахъмэт, КІийгуор увыІэжьхуэ зиІэжьэри. - Пащтыхьым зратащ абыхэм, зратами, ящІри я бзэри кьаухэнэжащ, зыми трихакъым, хэт ищІэрэ, я хуитынигъэри зрагъэгъэтыжынкІэ мэхъу зэгуэр.

- Сытри пхуэзэфІэкІынущ уэ, Бэрэкъей и кьуэ Ахъмэт, уигу сыти тебгъэхуэфынущ, ауэ уи диным уельэпэуэжьфын си гугъакъым, - кьещащ абы кьадыр, Сыхьэтджэрий. - Хэт дызэпІлъытыр? Курржьри урысри чристэнщ, я диныр зыщІ, аращ щІызэгурыІуар. Дэ дымуслымэнщ, игъащІэм драбийщ джаурхэм, игъащІэкІи драбиинщ.

Ар жиІэн щхьэкІэ, кьэтэджащ Сыхьэтджэрий. Ар жиІэри, етІысхьащ, кьыпэрыуэжьнІакІи гугъакъым.

Бэрэкъей и кьуэ Ахъмэт пэрыуэжащ:

- Зи пщІэр ин Сыхьэтджэрий, - жиІащ абы, - чристэн диныр хэзтщтауэ щытащ илъэс мин и пэкІэ, абы ущыгъуэзэщ, сэр нэхърэ нэхъ ущыгъуэзэщ. Дымуслымэну зыдолъытэж нобэ, итІани хъуромэри ІутІыжри зыхэднакъым. ГъащІэ биИуэ дралакъым джаурым, демыбиини тлъэкІынущ дяпэкІэ...

Наурыз и пыІэр уиз лъэгум иридзащ абдежым, и кьамэр кьрипхъуэтащ.

Ди адэм и цІкІэ тхьэ зэрысІуар зэхэпхащ, Хьэжы Джырандыкъуэ! Мыр мы унэм иджыпстущІэ щІуМыхумэ, мэлым хуэдэу си Іэкіэ фІэзгъэжьжыщІ! Бэрэкъей урикъэжъым нобэ щыщІэдзащ, Ахъмэт, дэри дызэшкъым, уэ урыс диным уихьащ, укъуамалщ, укъыдэпщІыжащ! ИкІ ди пащхьэ!

Къыбгъэдэсхэр къапхъуэри, Наурыз зэтраубыдащ. Хьэжы Джырандыкъуэ кьэтэджащ, и щхьэр и щІыбагъкІэ щІэзэридзащи, кьоКІуКІ-ноКІуКІ. ИтІанэ хуэмурэ бГъэдыхьащ Ахъмэт, Бэрэкъей и кьуэм:

- НэгъуэщІи сыт кьыдженІэн, Ахъмэт? Урыс инэралхэм узэрыдашэхар кьыджеПэну? Инджылызым ущыщІам, дыщІэ сэшхуэ кьуатащ. Урысхэм узэращхуар сыткІэ? Инджылызым укъикІыкІри, Іэджжкіэ дыкъэбГъэгъэгъащ, Инджылызыр кьыддэІэпыкъуну кьыджеПащ, урысхэм дебуштащ. ШкІуПІэм щхьэщыт жыгым и кьудамэм дыфІэсщ жыбоІэ нобэ, абыкІэ умыкъуаншэу жыпІэну ара иджы? Ар пэжщ, щыхупІэм ущхьэщыхьакІэщ уэ!

- ЩыхупІэм дыщхьэщыхьакІэщ псори. Псом япэ щхьэщыхьар уэращ, Хьэжы Джырандыкъуэ, - зэрыІэдзБым тету, жэуап кьритыжащ Ахъмэт. - Инджылызэм дыкъагъэпщэжамэ, зи лажьэр сэра? Пэжщ, инджылыз Іэщэ кьыфхуэсшащ, мащІэ кьыфхуэсшакъым. Иджы кьызгурыІуащ: дэр щхьэкІэ езэуэнкъым инджылызхэр урыс пащтыхьым. Дыхэт дэ инджылызхэм я дежкІэ? ЦІыху Іэл хъушщ! Лондон сыщыдэтым, ахэр нэхъ зэпІлъар си фащэрщ - я щыпэлъагъут! Дызыхэт мыгугъагъэр къаззэрыІэІуэхуэ слъэгуэхьым! Урыс инэралкІи сумыгъэшінэ нобэ! Ди щІым щозауэ, итІани яубыдар яІакъым, ди цІыхубзхэми лей кърахакъым, ди сабийри яшхакъым. Щамили и унагъуэри яубыдащ, ауэ яІакъым. Урысейм яша къудейуэ аращ. Дагьыстэнхэми зратащ, ахэри яІакъым, я унэ кьинэжащ. Ди гъунэгъу шапсыгъэри фольагъу: хьм зэпрымыкІар я пІапсэ кьинэжащ, ахэри зэтрауКІакъым. Урыс инэралхэм щызауэкІэ гущІэгъу зэрамыІэр сощІэ сэри, зауэм хэмытмэ, ЛІыукІкІым ахэр. Сэ зэхэсхащ, абыхэм ящыщ гуэрым ди бзэм хьэрф кьыхуиргупсысауэ жаІэ, тхьилъ ди бзэкІэ кьыдигъэкІыну пылъщ. Ди лъэпкъым хэкІыпІэ хэзхъуну слъагъур тІуц: е зауэм хэкІуэдэн хуейщ псори, е бийр кьыззрыттекІуар кьыздгурыІуэмэ, кьыттекІуам и Іэмышщ! Зитпхьэн хуейщ - я напэ кьыззэрыгъэззэгъкІэ кьыддызекІуэнщ. Сэшхуэ кьихакІэ кьытпэщІэтыр нэхъ си фІэщ мэхъу сэ, Іэщэр гъэпщкІуГъэкІэ кьыддэзыщам нэхъэрэ - лъы дэр щхьэкІэ яГъажэн мурад яІакъым абыхэм зы махуи. Кьэдрэ сыкІуащ сэ Тыркум, фІыуэ сыщыгъуаззщ цІыхухъуэм абы кьыщыцытпэлъэм. Дэ дыцІыхухъуэ, тырку лэгъунэхэр унапІэ тхуащІыкъуам, ди шыпхъуэхэм хуэдэу. Зи лъахэр нобэ зыбгынэр и Іэфракъэ едзэкъэжыщ, и гъащІэр мыгъуэу ихьынущ! Шэч кьызытезмыхьэжыр зыщІ: убыхым ди лъапсэр дыбгынэмэ, дыхэкІуэдзжауэ аращ. Иджы фызызуейр кьызэфщІэ: фыхуеймы, сызыхэфху, фыхуеймы, сывыкІ.

Ар жиІэри Бэрэкъей и кьуэ Ахъмэт лъэныкъуэкІэ уевжащ, ТІысжажкъым. Хасэм хэмысыжу зилъытэжащ езым.

Бэрэкъей и кьуэ Ахъмэт и псалъэм иужьыгуа хуэдэт псори. Псори щымт. Шы лъэ макъ хъэІури, бжэмкІэ дыплъащ. Хьэжы Джырандыкъуэ и адэ кьуэш Бэрэздж Арслъэнбей кьыщІыхьащ унэм. Инэралым, Гейман, деж кьикІыжауэ арат ар. ЩІакІуэ псыфыр щхьэхъумэм хуидзри, хасэм и пащхьэ ихьащ ар. Псори пэплъэрт абы кьихьа хъыбарым, инэралым епсэлъэну ягъэкІуатІ. Хасэр зэщІэтэджащ, иджыпсту къатещэхэну хьэлъэм, щысмэ, щІипытІэнкІэ къэшына щыкІэу.

- Сыт кьытхуэпхьа? - еупщІащ абы Хьэжы Джырандыкъуэ.

- Іейщ кьэсхьар, - жиІащ Бэрэздж Арслъэнбей. - ЩІэх дригъэблэгъакъым инэралым, куэдрэ дызыпигъапльащ, гъэр хуэдэ. И пащхьэ драша нэужь, кьыдэпсэлъэни и щхьэ трилъхьакъым. «Кіаса хуэщ, - ЖьІащ Джырандыкъуэ и пащхьэ зыІІ ихутащ. Ар къэсщІыжкащ сэ. Афанаст дызэреджэр, урист. Ильэс тІощ и пэкІэ кьытхьхьат ар, урысыдзэм кьыхэкІуэсыкІри. Убых фызи кьишат, ди бзэри зригъэщІат, ди хабзэми ирипсэурт. И упщІэ пыІэр щыхэрихри, Хьэжы Джырандыкъуэ и пащхьэ иуваш ар, и щхьэр игъэщхьащ:

- Зы псалъэ закъуэ жызгъэІэ, сынолъІу.

Хьэжы Джырандыкъуэ жэуап кІэритхъым сэлэт лІыжьым, кьеплъыхьакъым. Псалъэ къыщрамытым, лІыжьым зыкьытхуигъаэзри, убыхыбзэ кьабзэкІэ мыр жиІащ:

- Иджыпсту кьыввзааузм динрэ лъыкІэ сащыщщ сэ, си псалъэр фи фІэщ мыхъуми, емыкІу илъхъым! Урыс инэралыр мыбы къэсмэ, зи щхьэ ящэ пилъэнур сэращ, мис мы жыгым сыфІилъэнущ! Си псалъэ фыкьедэІуэнкІэ сыщІывэлъэІури аращ. Фэ сывэзэуэну сыкъуэйтэкъыми, урыс пащтыхьым и дзэм сыкъыщыхэкІуэсыкІар аращ. Фипхъу щхьэгъусэ схуэхъащ, бынитІи дзэгъуэтащ. Абы я хьэтыркІэ, ди Цхьэщыгу итым и хьэтыркІэ, мы уафэмрэ щІылъэмрэ я хьэтыркІэ фыхуэмыпІащІэ мы Іуэхум, фи лъахэр зеинэ фымыщІ! Фи лъахэ фІыкІынэжкмэ, кьыфІэпплъэр фощІэ, фымыщІэр Тыркум фыІэпхъуэмэ кьыфщІэпыІрщ! Дауи щреи, мыр фи лъахэщ. Фымыбгынэ фи лъахэр! Зэриухауэ хъунщ!

- Уи жьэр зэтепІэ, джаур! - щІэкІиящ абы кьадыр, Сыхьэтджэрий, и Іэшт1ымыр хуигъэдалъэри.

- Ар урысщ, зэщІэр фщІэркъэ: уриссыр мыбы кьэсмэ, мыжыргэм дыпаІунущ. Аращ зэщІэр! - кьыкІиикІащ цІыхухъэм зы.

СибгъыкІэ лІыжь тхьшэ цІыкІу щытт, щІыщІэм кууэ хъуэхъсхьа башым зытригъэщІауэ, ар хэщІтыкІащ:

- НасыпыфІэт дяпэ итахэр: щІым щІыхьэжащ, мы зэман бзаджэр я нэгу щІэмыкІауэ.

- Мэкъу къэфхь! - унафэ ищІащ Хьэжы Джырандыкъуэ. ЩІалъэ зыбжанэ шы фІэдзапІэмкІэ задзащ - мэкъу Іэмбатэ зыбжанэ щызэтелът абдеж. Мэкъур япхъуатэри, хъуэш унэм щІахьащ. ЩІалъэхэм зыбжанэкъэ зрагъэзыжа нэужь, Хьэжы Джырандыкъуэ хасэ унэм мафІэ иридзащ.

Унэм ІуГъуэ фІыцІэр кьыщІэуащ, мафІэ бзийр бжэ-щхьэгъубжэм кьыдоплъ, блынир дресей.

ЦІыхур къащтэри зэрызехьэ хъуащ:

- Унэм и лажьэр сыт?

- Хэт-тІэ кьызыхуэбГъэнэнур?

- Ялыхь, гущІэгъу кьытхуэщІ!

- Мыбдежьм дыщаукІми нэхъыбІщ, хьм дыщитхъэнэрэ!

- ЩщылІыхьэжкІэ, щхьэ зущыт мыбдей? Іэщэ кьихи, инэралым пежьэ!

ЦІыхур нэхъ зэтесабрэжа нэужь, нэгъуэщІ зы псалъи зэхэсхащ:

- Ди унэхэми еддзыжьну мафІэ?

МафІэр нэхъри зэщІоплъэ, унащхьэр зэщІищтакІэщ. Хьэр мэбанэ, щхьэж и кузбжэгъэ кьэтІысащи, пщІэуэ щІадзэ.

Хьэжы Джырандыкъуэ шы фІэдзапІэмкІэ бжэщащ, ауэ нэмыс щыкІэ кьызэтеувыІэжащ. Сэ кьыспэплъэхунт ар. Шэсынумэ, ищІ бгъэдэсшэ си хабзэт, и лъэрыгъыпсыр субыдыри згъэшэсырт.

Сыбгъэдыхьакъым. Си пІэ сижьхьащи, хъуэш унэр мафІэм зэрилыпщІым соплъ. НэгъуэщІ гуэрым игъэшэсыжагъэнщ Хьэжы Джырандыкъуэ. МафІэ нэхум хэслъэгъуащ ар шым зэрелъэдзэкъэгъуэ.

- МафІэм зэщІищтащ унэр. МафІэ бзийм уэгум зригъэшащ.

ЦІыхур зэбгрыкІыжыркъым, мафІэр къаувыхьаеу зэхэтт, я Іи я лъи кьызэримыкьынуІар кьагурыІуэжауэ. МафІэм и хуабэр иужьрейуэ зыхащІэрт абыхэм - лъахэр щабгынэну махуаем и пщыхьэщхьэ кІыфІым хисхьэ хасэ унэм и мафІэ хуабэр. ЦІыхупІэ лъагэм сыщыкуэуэ кьысщыхьуащ а дакъикъэм. Ноби си нэгум щІэтщ а пщыхьэщхьэр, мафІэм и нэхум ноби хьэолъагъуэ цІыху гужьеяхэр...

Зэзыдзэкіар

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмидщ.

Убыххэмрэ абхъазхэмрэ я лІыкІуэхэр Сочэ и псы Іуфэм щыІэзхуэзащ.
Сурэтыр ***Гагарин Григорий*** *ищІащ. 1841 гъэ*

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Зэныбжьэгъугъэм и нэщэнэу

Зэрытщ1эщи, ди республикэм щ1ыналъэ куэдым щэнхабзэ, гъэзаджэ зэпыщ1ныгъэхэр яхуи1эщ. Хабзэ дахэ хъуауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и музейхэм щ1эх-щ1эхыурэ щагъэльагъуэ нэгъуэщ1 щ1ыпI1эхэм щыщ сурэтыщ1хэм я лэжьыгъэ купщ1афI1эхэр. Апхуэдэу КъБР-м и Лъэпкъ музейм утыку къыщрахьащ Краснодар крайм и «Урысейм и сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэ» I1уэхущ1апI1эм и художникхэм я I1дакъэщ1эк1эхэр.

«ТРАДИЦИИ и современность» выставкэр Краснодар краймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я «Зэныбжьэгъугъэ» гъэлъэгъуэныгъэуэзщ1ыныгъэ проектым щыщ Iыхьэщ. Ар къыхалъхьащ Кавказ Ищхъэрэмрэ Урысей Ипщэмрэ хыхьэщ1ыналъэхэм я щэнхабзэ зэпыщ1эныгъэхэр нэхъри ягъэбыдэн папщ1э. Ижь-ижьыж лъандэрэ къоГуэзгурык1уэ гъуэзджэмрэ щэнхабзэмрэ я ц1ыхухэм яку зэныбжьэгъугъэ дахэрэ гуапагъэрэ дэлъу. Фигу къэдгъэк1ыжынщи, мы I1уэхум хыхьэ апэ выставкэр Краснодар крайм и Художественнэ музейм нэгъабэ щ1ек1уэк1ащ. Абы щагъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и сурэтыщ1 нэхъыжьхэм я I1дакъэщ1эк1эхэр. Иджыпейм хагъэхьащ Кубань къэрал университетым живописымрэ графикэмк1э и кафедрэм и профессорхэмрэ доцентхэмрэ, гъэзаджэмк1э щ1ыхь зи1э и лэжьакI1уэхэм, щ1ыналъэпсо, урысейпсо, дунейпсо зэпеуэхэм пашэ щ1ыхьэ Художникхэм я лэжьыгъэ щ1эщыгъуэхэр.

Иджыпей гъэлъэгъуэныгъэм хагъэхьа сурэтхэм удахьэхырт, дахагъэм ухуашэрт. Апхуэдизэхт жанр зэмылI1эужьыгъуэм щ1ыщ сурэтхэр, удз гъэгъахэр, щ1ыналъэм и щ1ыupэпсым и къулеягъэр къыз1эщ1эзыубыдэ пейзажхэр, хъэрэндащк1э ящ1а графикэ сурэтхэр.

КъБР-м щэнхабзэмк1э и министр Къумахуэ Мухьэдин и гуапэу къыхигъэщащ Краснодар краймк1ыкI1а хьэщ1эхэм я лэжьыгъэ зыбжанэ Къэбэрдей-Балъкъэрым тыгъэ къызэрыхущ1ар, я псэм щыщ Iыхьэ республикэм къагъанэу. Ар и нэщэнэщ щ1ыналъэхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэм. Министрым Краснодар къ1ик1а сурэтыщ1хэу Чирковэ-Плотниковэ Людмилэ, Денисенко Виктор, Устрицкая Надеждэ, Котелевская Людмилэ, Беднаржик Ольгэ, Ведерников Игорь, Яковлев Владимир, Васильев Анатолий, Лымарь Сергей сымэ, нэгъуэщ1хэми фI1ыщ1э тхылъхэр яритащ.

- Сурэтыщ1 Чирковэ-Плотниковэ Людмилэ и жэрдэмк1э нэгъабэ Кубань щедгъэжьа мы Iуэхум мы-хьэнэшхуэ и1ащ, - жи1ащ КъБР-м и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм и унафэщ1 **Темыркъан Геннадий**. - Щ1хьэусыгъуэ зэмылI1эужьыгъуэхэмк1э 90 гъэхэм щ1ыналъэ, къэрал куэдым я щэнхабзэ лэжьак1уэхэр зэпэ1эщ1э хъуами, иджы я зэныбжьэгъугъэр ягъэбыдэну, зэдэлэжьэну гупыж зэращ1ар куэд и уасэщ. Апэрей выставкэр Кубань щ1ыщек1уэк1ам, бысымхэм къахэдгъэнащ ди сурэтыщ1хэу Плотников Василийрэ Сындыкэ Анатолийрэ я лэжьыгъэхэр. Ар зэныбжьэгъугъэм и апэ лъэбакъуэт. Краснодар щеджащ ди художник зыбжанэ. Ахэр Глуховцев Александр, Пономаренко Павел, Ваниевэ Раисэ, Индрис Залымхъан, Конин Анатолий, К1ыщ Мухьэдин, Акъсырэ Михаил,Ездэ Владимир, Мэлбахьуэ Борис сымэщ. А хабзэ дахэм дяпэк1и къыпытщэну, зедгъэужьыну ди мурадщ.

- «Зэныбжьэгъугъэ» проектым куэд къызэщ1еубыдэ ик1и мыхьэнэшхуэ и1эщ, - жи1ащ Кубань къэрал университетым живописымк1э и кафедрэм и профессор, Кубань щ1ыналъэм гъуазджэхэмк1э щ1ыхь зи1э и лэжьак1уэ **Денисенкэ Виктор**. - Ткаченкэ Андрей и ц1эр зеэныхь Сурэтыщ1 гъуазджэхэмк1э музейм нобэ сыщык1уам къэсщ1ащ живописымк1э академик хъуа куэдым я егъэджак1уэ щыта, сурэтыщ1 щ1эрыI1уэ Темченко Иван ди художественнографикэ факультетыр къызэриухар. Кавказ Ищхъэрэм и сурэтыщ1 гъуазджэм и зыужьынныгъэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщ1а нэхъыжьыфI1эм я гъэзугум дрик1уэу, щэнхабзэр ипэк1э зэрыдгъэк1уэтэным, абы зэрызедгъэужьыным, щ1эблэм нэхъыжьхэм пщ1э хуащ1у къызэрыдгъэхъуным, абыхэм дахагъэр зэрызыхедгъэщ1эным дыхущ1окъу. Къэбэрдей-Балъкъэрым къэтшащ Краснодар къалэм, Краснодар крайм я сурэтыщ1хэм я лэжьыгъэ нэхъыфI1эр. Проектыр щ1ыналъэхэм ди зэныбжьэгъугъэм и апэ лъабакъэщ. Гъэлъэгъуэныгъэр къызэгъэпэщ1ныжмк1э дэI1ыпыкъуэгъу хъуахэм, абы зыкъэрезгъэхьэлI1эхэм фI1ыщ1э фхуэфащэщ.

«Зэныбжьэгъугъэ» I1уэхум къыхэзыльхьа Чирковэ-Плотниковэ Людмилэ ди республикэм и сурэтыщ1 Плотников Василий ипхъущ. Выставкэм къек1уэлI1ахэм абы фI1ыщ1э яхуищ1а нэужь, и гуапэу къыхигъэщащ Налшык къалэм хуиI1э лъагъунэм проектыр зэрищ1ихьэтыр. Чирковэ-Плотниковэ Людмилэ жи1ащ I1уэху дахэм дяпэк1и къыпащэну зэрыщыгугъыр.

Краснодар крайм и сурэтыщ1хэм Налшык къалэм и Сабий художественнэ школхэм я гъэсэнхэм папщ1э мастер-класс я1ащ. Хьэщ1эхэм я лэжьыгъепщ1 Къэбэрдей-Балъкъэрым саугъэт къыхуаущ1ащ, я зэхущытык1э дахэмрэ зэпыщ1эныгъэмрэ я нэщэнэу.

Гъэлъэгъуэныгъэр накъыгъэм и 15-м зэхуащ1ыжынущ.

ТЕК1УЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Щыгъуэ псалъэ

Хьэвжокъуэ Маждэ дигу илъынущ

США-м хъыбар гущ1ыхь къик1ащ. Дунейм ехьжащ адыгэ бзыпхъугъэ щ1эрыI1уэ Хьэвжокъуэ Маждэ. Иорданием къыщал1ухуа, иужьрей илъэсхэм Америкэм щ1ипсэуа Маждэ куэдым къац1ыхурт адыгэ I1уэхум зэрыхуэжьджэрымк1э, хамэ щ1ыпI1э къыщал1ухуами, адыгэпсэ зэрИэмк1э, хамэщ1ымрэ хэкужьымрэ зэлъигъэI1эсу, къэзыл1ухуахэм яхуэфащэу дунейм зэрытетамк1э. Ар ящ1ыщ дэнэ щ1ыI1э адыгэри зэригъэI1уу лажьэ Дунейпсо Адыгэ Хасэр къызэгъэпэщ1ным, къалэн щхьэпэхэр игъэзащ1эу л1эжьэным зи гуащ1э хэзыл1ухьахэм. Мы бзылъхугъэр псэуху телэжьащ къызыхэк1а л1эпк1ым и I1уэху дэгъэк1ыным, хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ зэпыщ1а хъуным, л1эпк1ым зыкъегъэужьыжьным.

Хьэвжокъуэ Маждэ и благъэхэмрэ I1ыхьл1ыхэмрэ дахуогугъавэ. Тхъэм фщ1ымыгъэгъупщэк1э.

Дунейпсо Адыгэ Хасэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэ.

Къалмыкъ Верэ Хьэпlотl и пхъур

И ныбжьыр илъэс 81-нэм иту 2017 гъэм накъыгъэм и 9-м дунейм ехьжащ музей лэжьак1уэ нэхъыжь дыдэхэм яц1ыщ Къалмыкъ Верэ Хьэпlотl и пхъур.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къиухри, Къалмыкъ Верэ Сурэт гъуазджэмк1э Ткаченкэ А. и ц1эр зеэныхь Къэбэрдей-Балъкъэр музейм, иужьк1э КъБР-м и Лъэпкъ музейм экспонатхэр хъумэнымк1э я I1эщ1агъэл1 нэхъыщхьэу ильэс 40-к1э лэжьащ. И лэжьэгъуэхэм ягу къинащ ар ц1ыху пэжу, ерыщагъэр зэхэщ1ык1 нэсрэ бгъэдэлъу, нэхъ тэмэму къиулытэ I1уэхур пхигъэк1ыфу, нэжэгужэу, мурадыщ1эхэмрэ лэжьыгъэр егъэфI1эк1уэнымк1э I1эмал нэхъыфI1эмрэ и куэду, езым бгъэдэлъ зэфI1эк1ым нэхъыщ1эхэр щыгъуазэ ищ1у зэрыщытар. И зэфI1эк1ышхуэм папщ1э абы щыхьэт тхылъ зэмылI1эужьыгъуэхэр куэдрэ кърагъащ.

Къалмыкъ Верэ Хьэпlотl и пхъур зэрылар икъук1э дигу щ1ыхьэуэ, дэ дахуогугъавэ абы и I1ыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ - ипхъу Сориновэ Риммэ Фёдор и пхъум, и къуэ Къалмыкъ Залым Федор и къуэм, и къуэрылъху-пхъурылъхуэм.

Къалмыкъ Верэ Хьэпlотl и пхъур дэ зэи дигу ихункъым.

КъБР-м Щэнхабзэмк1э и министерствэ, КъБР-м и Лъэпкъ музей, КъБР-м Сурэт гъуазджэмк1э и музей.

● КъБР-м и прокуратурэм

Щ1ыхэплъэн папщ1э

Щ1ымк1э законодательствэр зэрагъэзащ1ар Щэрэдж щ1ыналъэм и прокуратурэм къ1ипщ1ащ.

КЪЫЗЭРАХУТАМК1Э, «Вектор плюс» ООО-м и унафэщ1хэм мэкъумэш щ1апI1эхэм щыщ щ1ы Iыхьэ щхьэзыфI1эфIу къаубыдауэ я щхьэ I1уэхук1э къагъэсэбэпырт. Зи гугъу тщ1ы обществэм и I1этащхьэм Къэщхэтау посёлкэм и I1ыгапкъэм хуэзэу Щэрэдж-Безенги псы нэпкъым еуал1э гъавэ щ1апI1эм щыщ щ1ы Iыхьэ хуимыту зы1эригъэхьэри, мывэхьэжрэ уху ак1уэ техникэрэ щигъэуващ. Щ1ыпI1эм щ1ыпсэу хьэрычэтыщ1эми, хуит зыщ1 тхылъхэр имыI1эу, псы хъумапI1эм щыщ Iыхьэ иубыдри, уху ак1уэ техникэ щигъэуващ, пшахъуэ-мывэ зэхэлъыр кърихыурэ, абы ил1ужь.

Къэпщытэныгъэм кърик1уам ипкъ иткIэ, УФ-м и КоАП-м и 7.1-нэ, 7.6-нэ статьяхэмк1э (щ1ы Iыхьэ хуимыту зэраубыдам, псы хъумапI1эм щыщ Iыхьэ щхьэзыфI1эфIу зэрызы1эрагъэхьам папщ1э, районым и прокурорым административнэ I1уэхущ1 къызэI1уихащ ик1и щ1ыхэплъэн щхьэк1э, Урысей Реестрым и Къэбэрдей-Балъкъэр щ1ыналъэ къудамэмрэ республикэм Щ1ыуэпсым и хъугъуэфI1ыгъуэхэмрэ экологиемк1э и министерствэмрэ яритащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-I1уэхущ1апI1э.

«Сибирь» (Новосибирск) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:0 (0:0). Новосибирск. «Спартак» стадион. Накъыгъэм и 10-м. Ц1ыху 500 еплъащ.

Судьяхэр: Шадыханов, Мурашов, Приходькэ (псори Мэзкуу щ1ыщ1).

«Сибирь»: Цыган, Качан, Кушнирук, Макаренкэ, Гладышев, Магаль, Азаров, Рухаиа (Коржунов, 46; Плотпэ, 68), Безлихотнов, Чеботару, Беляев (Андреев, 90+1).

«Спартак-Налшык»: Антипов, Семёнов, Соблыр, Дашаев, Марченкэ, Войнов (Крамаренкэ, 19), Дроздов (Мурачёв, 86), Ахриев (Каркаев, 57), Мухьэммэд, Ахъядов (ПI1уп, 62), Бажэ.

Топыр дигьэк1ащ: Чеботару, 49-пенальтик1э (1:0).

Дагъуэ къыхуащ1ащ: Макаренкэ, Каркаевым, Соблырым.

Джэгум къыхахуащ: Соблырыр.

МАХУИПЛI ипэк1э и стадионым щыджэгуу «Химки»-м зэрымемык1уэфам и зэранк1э хуабжьу щытык1э гугъу иувауэ, «Спартак-Налшыкыр» Новосибирск к1уащ. Хэгъэрейхэм я I1уэхуэри нэхъ щ1агъуэтэкъым - бжьыгъэщхьэк1э Астрахань къыщыхагъэщ1ауэ абыхэм къагъэзэжат. «Сибирь»-ми «Спартак-Налшыкми» псэхугъуэ мащ1э къаритынут мы зэIущ1эм щытек1уэмэ. Хагъащ1эм и I1уэхур хэплъэгъуэ хъунут.

Джэгум и щ1эдзэк1эр хьэлэмэтт. Къик1уэтыпI1э зимыI1э гупитI1ри ебгъэрык1уэну хущ1эхъуащ. Апэщ1ык1э Мухьэммэд Шариф лъэщу еуащ зэгуэрым «Спартак-Налшыкым» и гъуащхьэтету щыта Цыган Николай ихъумэ гъуэм. Къык1элъык1уэу хэгъэрейхэм налшыкдэсхэр ягъэпI1ейтащ.

Зэ1ущ1эм и епщык1уб1гъуэнэ дакъик1ыкъэм «Спартак-Налшыкым» хэщ1ынигъэ игъуэтащ: фэбжь зрадза Войнов Денис джэгупI1э губгъуэр ибгынэн хуей хъуащ. Хэт ищ1энт абы и пI1эк1э къихьа Крамаренкэ Сергей и зэранк1э ди щ1ал1экэр а махуэм хъыхагъэщ1эну?

Я хьэрхуэрэгъухэр къалъэщ1охьэ

● Футбол

Япэ Iыхьэм и к1эухым «Сибирь»-м тепщэныгъэр иубыдыпащ. Антипов Антон хуабжьу гугъу зригъэхьын хуей хъущ1 и гъуэр ихъумэн папщ1э. Арщхьэк1э абыи щхьэщ1ак1ым, Крамаренкэ Сергей хэгъэрейхэм я гъащ1ыхьуэ Безлихотновыр ди гъуэм пэмыжьжьэу ириуду, пеналти къыщыригъэуам. «Спартак-Налшыкым» нэхъапэм щыджэгуауэ иджы «Сибирь»-м и капитан Чеботару Евгений метр пщ1ык1ызым и деж щыту бжьыгъэ къызэI1уихащ.

Мыгувэу новосибирск-дэсхэм я ефIэк1ыныгъэр ягъэбзэгъэзыным зымащ1эщ и1эжар. Беляевыр зэуа топыр ди гъуэм к1ыуэу гъащ1ыхьэхэмрэ ящ1ыщ зым къригъэгъэзащ.

Адэк1э «Сибирь»-р ик1ыуэтащ, тек1уэныгъэр хъыхуэзыхь бжьыгъэр ихъумэну. Налшыкдэсхэм дапхэдизэу гугъу зрамыгъэхьами, абы и гъащ1ыхьэхъумэхэм яфIэк1ыфакъым ик1и зы очко нэхъ мыхъуми кърагъэлъфакъым. Зэхьэзэхуэр иухыным джэгугъуитI фIэк1а къэмынэжауэ абы ди щ1ал1эхэм я I1уэхур хуабжьу хэплъэгъуэ ещ1. Япэ дивизионым иубыдыпащ. Антипов Антон хуабжьу гугъу зригъэхьын хуей хъущ1 и гъуэр ихъумэн папщ1э. Арщхьэк1э абыи щхьэщ1ак1ым, Крамаренкэ Сергей хэгъэрейхэм я гъащ1ыхьуэ Безлихотновыр ди гъуэм пэмыжьжьэу ириуду, пеналти къыщыригъэуам. «Спартак-Налшыкым» нэхъапэм щыджэгуауэ иджы «Сибирь»-м и капитан Чеботару Евгений метр пщ1ык1ызым и деж щыту бжьыгъэ къызэI1уихащ.

Мыгувэу новосибирск-дэсхэм я ефIэк1ыныгъэр ягъэбзэгъэзыным зымащ1эщ и1эжар. Беляевыр зэуа топыр ди гъуэм к1ыуэу я гъащ1ыхьэхэмрэ ящ1ыщ зым къригъэгъэзащ.

Адэк1э «Сибирь»-р ик1ыуэтащ, тек1уэныгъэр хъыхуэзыхь бжьыгъэр ихъумэну. Налшыкдэсхэм дапхэдизэу гугъу зрамыгъэхьами, абы и гъащ1ыхьэхъумэхэм яфIэк1ыфакъым ик1и зы очко нэхъ мыхъуми кърагъэлъфакъым. Зэхьэзэхуэр иухынымрэ джэгугъуитI фIэк1а къэмынэжауэ абы ди щ1ал1эхэм я I1уэхур хуабжьу хэплъэгъуэ ещ1. Япэ дивизионым къыхэзынэнр я мурадмэ, ахэр а т1ыми щытек1уэн хуейщ.

Иджы фыщ1ыдгъэгъуэзэнщ1 зрагъэлъагъуэ Безлихотновыр ди гъуэм пэмыжьжьэу ириуду, пеналти къыщыригъэуам. «Спартак-Налшыкым» нэхъапэм щыджэгуауэ иджы щек1уэк1а зэIущ1эхэм къарик1уа бжьыгъэхэм: **«Мордовия»** (Саранск) - **«Волгарь»** (Астрахань) - **3:0**, **«СКА-Хабаровск»** (Хабаровск) - **«Спартак-2»** (Мэзкуу) - **3:0**, **«Кубань»** (Краснодар) - **«Зенит-2»** (Санкт-Петербург) - **3:0**, **«Химки»** (Химки) - **«Луч-Энергия»** (Владивосток) - **2:2**, **«Шинник»** (Ярославль) - **«Енисей»** (Красноярск) - **4:2**, **«Тамбов»** (Тамбов) - **«Тосно»** (Ленинград областэ) - **3:0**, **«Тюмень»** (Тюмень) - **«Нефтехимик»** (Нижнекамск) - **2:0**, **«Сокол»** (Саратов) - **«Динамо»** (Мэзкуу) - **0:3**, **«Факел»** (Воронэж) - **«Балтика»** (Калининград) - **1:2**.

КъыкI1ыныкI1уэ джэгугъуэр апэ дивизионым накъыгъэм и 14-м щек1уэк1ынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкым» къригъэблэгъэнущ Саранск и «Мордовия» командэр.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымк1э и япэ дивизионым зэхьэзэхуэр зэрыщек1уэк1ыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Динамо»	36	24	9	3	61-25	81
2. «Тосно»	36	19	12	5	57-28	69
3. «СКА-Хабаровск»	36	15	13	8	42-28	58
4. «Енисей»	36	17	6	13	51-42	57
5. «Тамбов»	36	15	10	11	39-31	55
6. «Шинник»	36	15	9	12	41-37	54
7. «Тюмень»	36	14	11	11	48-40	53
8. «Спартак-2»	36	14	11	11	51-41	53
9. «Факел»	36	14	10	12	37-38	52
10. «Кубань»	36	13	13	10	40-34	52
11. «Химки»	35	11	16	8	39-39	49
12. «Луч-Энергия»	36	9	13	14	26-40	40
13. «Волгарь»	36	10	9	17	36-48	39
14. «Зенит-2»	36	8	15	13	40-50	39
15. «Сибирь»	36	8	14	14	29-45	38
16. «Спартак-Налшык»	36	7	17	12	24-31	38
17. «Мордовия»	36	10	6	20	35-48	36
18. «Сокол»	36	7	15	13	33-49	36
19. «Балтика»	36	7	15	14	23-35	36
20. «Нефтехимик»	36	6	8	22	27-50	26

Тау Валерэ и ехъулI эныгъэ лъагэ

● Хъыбар гуапэ

Ди къэралым и ищхъэрэ къалащхьэ Санкт-Петербург иджыблагъэ щек1уэк1ащ «Основы безопасности жизнедеятельности» (ОБЖ) предметымк1э ек1уэк1а урысейпсо олимпиадэм и иужьрей Iыхьэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым къыбгъэдэк1ыу абы хэтащ Тау Валерэ. Хэтам и мызакъуэу, ди гуапэ зэрыхъущ, къэралпсо зэпеуэм щытек1уащ, щал1ъуэ щ1ыналъэм и пщ1эр лъагэу и1эту.

УРЫСЕЙПСО олимпиадэм и к1эух зэхьэзэхуэм хэтащ къэралым хыхьэ щ1ыналъэ 57-м ящ1ыщ школак1уэ 200-м щ1игъу. Ахэр зэпеуэд ОБЖ-м и теорие, практикэ I1ыхьэхэмк1э. А унэтI1ныгъэхэмк1э щ1эныгъэ куу къэзыгъэлъэгъуа Тау Валерэ къыхуагъэфащащ зэпеуэм и щ1ыхь тхыгъэр, куб0кыр. Зэпеуэм щытек1уэхэми абы къыхэжаныкI1ахэми гуапэу ехъулъхъащ ОБЖ-мк1э щ1ыIэ иджырей тхылъхэм я нэхъыфIыр зи къалэмыпэм къыпык1а, Урысейм и Л1ыхъужь Воробьёв Юрий.

Валерэ Налшык дэт курыт школ №5-м, Пушкин Александр и ц1эрзезыхьэм, и 11-нэ классым щ1эсщ. Ныбжьыщ1эр фIы дыдэу йоджэ, къинэмыщ1ауэ, жыджэру хэтщ школым, къалэм, республикэм щек1уэк1 жылагъуэ I1уэхуэм. ОБЖ-мк1э къихьа тек1уэныгъэр Валерэ и япэ ехъулI эныгъэхэм абы къыхэжаныкI1ахэми гуапэу ехъулъхъащ ОБЖ-мк1э щ1ыIэ иджырей тхылъхэм я нэхъыфIыр зи къалэмыпэм къыпык1а, Балъкъэрым и I1ущ1эмрэ I1ущ1ыцэхэмрэ» гуманитар телевизионнэ олимпиадэм. Тхыдэмк1э, щэнхабзэмрэ хэкур джынымк1э зэпеуа ныбжьыщ1эхэм я пашэ хъуахэм яхэтащ Тау ик1и «I1ущ1эмрэ I1ущ1ыцэхэмрэ» урысейпсо олимпиадэм и к1эух зэпеуэу нэгъабэ Москва щек1уэк1ам жыджэру хэтащ.

Зи насып къэк1уэгъуэ ныбжьыщ1эм, щ1ал1э I1ущ1ым, щ1эныгъэ куурэ гъэсэныгъэ ек1уэрэ зыбгъэдэлъым, дыдэхъуэ къэралпсо утыкум къыщихьа тек1уэныгъэм хуэдэ куэдк1э къызыхэк1а унагъуэр, и нэхъыжьыфIэр, лъэпкъыр иджыри куэдрэ игъэгушхуэу, гъащ1эм хуиI1э мурадхэмрэ хъуэпсапI1эхэмрэ къехъулI эу псэуну.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Сыжажэ Мартин Дунейпсо Кубокыр къехь

● Пауэрспорт

Мы махуэхэм Мэзкуу къалэм щек1уэк1ащ пауэрспортымк1э Дунейпсо Кубокыр къэхьыным хухэха зэхьэзэхуэхэр. Ар къыщэрагъэпэщащ «Витязь» зэгухьэныгъэр яхэту.

«СПОРТЫР наркотикхэмрэ терроризмэмрэ я бийщ!» къыхуеджэныгъэм щ1эту ек1уэк1а зэпеуэхэр хуэунт1ауэ щытащ щал1эгъуалэм гъащ1э узынщэ къыхахыным, физическэ щэнхабзэмрэ спортымк1э запсыхыным.

Зэхьэзэхуэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щ1ыщ адыгэ щ1ал1э, пащтыхь Николай II и ц1эр зезыхьэ Зэпызыщ1э гъуэгуэм я къэрал университетым щеджэ Сыжажэ Мартин. Щ1ал1эщ1эхэм я гупым абы къыпэхъун къыхэк1акъым ик1и псоми ефIэк1Iри, Дунейпсо Кубокыр зы1эригъэхьащ.

Мы гъэм къриубыдэу ди лъэпкъэгъум иджыри къыпэщ1ытщ Европэмрэ дуней псомрэ я чемпионатхэм зыкъыщигъэлъэгъуэну.

Ди гуапэщ Сыжажэ Мартин абыхэм ехъулI эныгъэхэр щ1ызы1эригъэхьэну.



Тхыгъэри сурэтри **ЖЫЛАСЭ Замир** *ейщ.*

Редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр

Хьэфыц1э Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщ1эныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щ1хьэщэмыщ1 Иэ**.

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

Къыдэзыгъэк1ымрэ редакцэмрэ я хэщ1апI1эр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмк1э, жылагъуэмрэ лъэпкъ I1уэхухэмк1э - 42-22-86; къуажэ гъащ1эмрэ экономикэмк1э - 42-57-59; щэнхабзэмк1э - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ I1уэхущ1апI1эхэм ядэлэжьэнымк1э - 42-60-53; хъыбарыщ1эхэмк1э, спортымрэ письмохэмк1э - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмк1э - 40-15-31; зэдэжк1ак1уэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер I1энатI1э - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддэ тхыгъэхэм къыщ1ыхьа бжыгъэхэм, къыщ1ал1эта I1уэхугъуэхэм я пэжагъымк1э аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я I1уэху епльык1эр зэтехуэ зэпыту щытк1ым.

Газетыр I1э тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщ1э дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщ1эныгъэхэмк1э и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэнымк1э Къэбэрдей-Балъкъэр щ1ыналъэ I1уэхущ1апI1эм ПИ №ТУ07-00117-м щ1эту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДышэкI Соня**, *редактору* **Жьэкlэмыхьу Маринэ**, *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Аз1эмэт** *(1, 2-нэ нап.), корректорхэм я дэIэныкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ**. *КомпьютеркI э газетым и теплъэр яц1ащ* **Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Маринэ, Бецто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Биц Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер I1энатI1эм щагъэхьэзыращ.

Газетым I1э традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.721 ● Заказ №577